Italie

euaa
EUROPEAN UNION
AGENCY FOR ASYLUM

# LAN NGA WARA XAM CI TËRËLIN YI CI ANAM BU ÑUY YOREE MBIRI ASIL AK DOXANDEEM

Xëtu A

## WËY BINDU YI NGIR AM KAARANGE BITIM RÉEW




WOLOF

# LI TEERE BI LÀQQ


Lu tax nga jot téere bii? 3

Lan mooy kaarange bitim réew ak kan moo ko mëna am? 3

Lan mooy tërëlin yi ci anam bu ñuy yoree mbiri asil ak doxandeem? 4

lan mooy toxal? 5

Say sañ-sañ diir bi ngay xaar ñu jël dogal ci ban réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin mooy càmbar sa bindu 6

fan nga wara dal diir bi ngay xaar ñu jël dogal ci ban réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin mooy càmbar sa bindu -7

Lan lañuy xaar ci yaw ci diir bu toppatoo di wëy? 8

Yan kayit nga wara wane? 9

Lan moo tax nga wara joxe sa nataal ak sa ampareent baaraam? 10

Lan mooy jeexital yi boo deful say wareef? 11

Lan la téeye di wundu? 12

Naka la njiit yi di jëlee dogal ci tànn ban réew bu bokk ci réew yu booloo yu órob wala réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin mooy càmbar sa bindu? 13

Mën na am ñu seq ak yaw jotaayu laaj ak tontu ngir mu dimbali ñu xam ban réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob wala réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin mooy càmbar sa bindu 14

Ndax dañuy amal ba leegi ab jotaayu laaj ak tontu? 15

Ban firnde nga mëna joxe ngir wane ni am nga waa-kër ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin? 16

Ban diir la toppatoo bi di jël? 17

Lan mooy xew bu fekkee bindu woon nga ba noppi ngir am kaarange bitim réew ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin. 18

Lan mooy xew bu fekkee ni jël nañu dogal bi? 19

Li nga wara xam ci doxalinu woote ñàkka nàngu ci kanamu yoon (bu fekkee woote ñàkka nàngu dafay waral ñu boole taxawal dogal bi ak di ko xoolaat bu baax) 20

Lan nga wara xam ci doxalinu woote ñàkka nàngu (bu fekkee taxawal dogal bi ak xoolaat bu baax bi dajewuñu) 21

Sa yan xibaaru bopp lañuy jël? 22

Yan ñooy say sañ-sañ ci lu jëm ci say xibaari bopp? 23

## LU TAX NGA JOT TÉERE BII?

Da nga sàkku woon kaarange bitim réew (ñu gën ko xamee ci asil) ci benn ci 31 réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin. Loolu dafa tekki ni aji bindu nga leegi ngir am kaarange bitim réew. Mën na am beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin moo wara saytu sa bindu. yaa ngi xaar dogal biñu ciy jël fi ñu tollu nii.

Lu am solo la ñu xam naka la réew yu bokk ci réew yu booloo yu Órob yi ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin di jëflantee ndax loolu mën na am jeexital ci ban réew mooy càmbar sa bindu.

Di nga fekk xibaar yi war yepp ci biir teere bii.

## LAN MOOY KAARANGE BITIM RÉEW AK KAN MOO KO MËNA AM?



Mën na am soxla nga kaarange bitim réew bu fekkee mënoo dellu ci sa réew ndax danga ragal xoqqatal wala danga nekk di jànkuwante ak jege ñu tàbbal la ci lorange bu wér wala ñu gaañ la. Loolu dafay tekki, ci misaal, sa dund wala moom sa bopp mën na am mi ngi jege lorange te sa kilifa réew yi duñu la àar ci lorange ji ngay jànkuwanteel.

Di nga jot xibaar yu gëna yaatu ci kaarange bitim réew ci beneen teere.

**Yaa ngi léegi ci Italie mi nga xam ni bokk na ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.**
**Réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñooy:**

27 réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob (EU): Allemagne, Autriche, Belgique, Bulgarie, Chypre, Croatie, Danemark, Espagne, Estonie, Finlande, France, Grèce, Hongrie, Italie, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Malte, Pays-Bas, Pologne, Portugal, République d’Irlande, Roumanie, Slovaquie, Slovénie, Tchéquie, Suède ak

Yeneen 4 réew: Islande, Liechtenstein, Norvège, Suisse.

## LAN MOOY TËRËLIN YI CI ANAM BU ÑUY YOREE MBIRI ASIL AK DOXANDEEM?




Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin dëppoo nañu ci ab yoon bu ñuy woowee Anam bu ñuy Yoree mbiri Asil ak Doxandeem (AMMR). Yoon woowu mooy tax ñu mëna jël dogal ci ban réew moo wara càmbar ab bindu ngir am kaarange bitim réew. Yoon woowu dafay tax tamit réew yu booloo yu Órob yi ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin mëna dimbalante bu fekkee benn réew dafa jotandoo bindu yu bari.

Warlul na ñu la ni benn ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin dinañ càmbar sa bindu waaye doo mëna tànn ban réew moo ko wara def. Àtte yu AMMR tërël ñoo jël dogal ci ban Réew moo wara saytu sa bindu.

Bu amee lenn loo xamul ci biir teere bi, mën nga ko laaj ab ligeeykat ci wàllu doxandeem.



Ci jamono jii, Réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñoom rekk ñooy jël dogal ci ban réew moo wara càmbar sa bindu.

Buñu jëlee dogal ni beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin moo wara càmbar sa bindu, dinañu la toxal ca réew moomu.

Xët bi nekkul lu war. Dindil xët bi bu fekee ni bokku ci (ci misaal, réew yu tënkuwul ci xaaju IV bu AMMR) WALA nga dindi wërngal bii (wërngal bu xonq bi) boo bëggee téeye xët bi

## LAN MOOY TOXAL?



Benn ci anam yu réew yu booloo yu Órob yi mëna dimbalantee mooy ñu def ay warlu ngir:

- Wëy bindu yi dëkk ci beneen réew bu bokk ci réewu Órob yi
- nit ñi ñu warlul bu yàggul kaarange bitim réew ci beneen réewu Órob.

Loolu ñu xamee ko ci toxal.

Bu fekkee dañu laa fas yeenee toxal, di nga jot teere bu am xibaar yu gëna yaatu ci toppatoo bi ak lu jëm ci yan réewi Órob ñooy bokk ci toxal bi ñu duppee ko **"Li nga wara xam ci wàllu toxal"**

**LU AM SOLO!** Bu fekkee dañu laa tànn ngir toxal la, doo mëna tànn ci ban réew lañu lay toxal.

## SAY SAÑ-SAÑ DIIR BI NGAY XAAR ÑU JËL DOGAL CI BAN RÉEW BU BOKK CI RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB WALA RÉEW YI ÀND AK ÑOOM CI AY DOXALIN MOOY CÀMBAR SA BINDU



Bu fekkee dangay sooga bindu ngir am kaarange bitim réew, am nga sañ-sañ ci am **ab xelalkat ci wàllu yoon** ci lu amul fay. Mën nga ko sàkku saa su la neexee ci njiit yi.

Xelalkat bi ci wàllu yoon dina la xamal say sañ-sañ te dina la dimbali ci diiru toppatoo bi. bu fekkee danga fayoon ba noppi ngir am ab xelalkat ci wàllu yoon, mën na am njiit yi duñu la jox ab xelal ci wàllu yoon bu amul fay. Xelal gi ci wàllu yoon mën na am ay nit yu bari def ko , waaye xelalkat bi du jox sa xibaari bopp yeneen nit.

Mën nga sàkku ab xelalkat ci wàllu yoon ci boo wootee njiit yi ci Questura (Biroo Police).



Mën nga sàkku ab firikatu làkk bu jigeen wala bu góor ak kuy toppatoo mbir yi bu fekkee loolu dafay jàppandal waxtaan bi ci sa tolluwaay. Njiit yi dinañu sàmmoo ak say bëgg-bëgg ci luñu mën.



Am nga sañ-sañ tamit ci sàkku ay yeesal ci doxalinu jël dogal bi ci ban réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin mooy càmbar sa bindu. Booy sàkku ay yeesal, mën nga jokkoo ak njiit yi ci, nga yónnè e-mail ci adresse bii: unitadublino@pecdlci.interno.it .




Am nga sañ-sañ ci jokkoo ak wax ak Bànqaas buy saytu mbiri dawlàqqu te aju ci mbootaayu xeet yi (UNHCR) ci bepp jeego boo mëna toll ci buñuy toppatoo asil bi .

UNHCR mooy sàmm àqq ak yelleefu wëy sàkku làqquwaay yi ak dawlàqqu yi.

Xibaari jokkoo yu UNCHR ak xibaar yi ci wàllu toppatoo làqquwaay mën nañu ko fekk ci xëtu enternet bu UNCHR https://help.unhcr.org/.

**Mën nga am xibaar yu gëna yaatu ci ndimbal yi ak ci jàppale yi ngay jot ci beneen téere.**

## FAN NGA WARA DAL DIIR BI NGAY XAAR ÑU JËL DOGAL CI BAN RÉEW BU BOKK CI RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB WALA RÉEW YI ÀND AK ÑOOM CI AY DOXALIN MOOY CÀMBAR SA BINDU?



- Mëna guloo joge ci réew mi guddi yii ñu tollu.
- Bu la kilifa joxee ndigal rekk ci nga am sañ-sañu dem ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.
- Bu njitt yi jëlee dogal ni beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin mu càmbar sa bindu, ñoom njiit yi dina ñu tëral sa tukki ci réew moomu.

## LAN LAÑUY XAAR CI YAW CI DIIR BU TOPPATOO DI WËY?

War nga:

- Des ci biir reéew mi ci diir bu ñuy dugal sa bindu ci diiwaan bi.
- Bu fekkee amoon nga ab wisaa wala ab kayit bu lay may nga dëkk, wutël sa asil ci réew mi la ko joxoon boo fa yeggee.
- àndi kayit yiy ràññee ki nga doon yepp ngir firndeel ki nga doon. Bu fekkee danga amoon kayitu dàntite te amatoo ko leegi, mën nga yëgal njiit yi ni sa njiiti réew mës nañu la jox benn ci at yi weesu.
- Xamalal kilifa yi ci ban jamono nga tukkiwoon ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.
- Yëgalal njiit yi bu fekkee ni dangaa nekk ci ab réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ciay doxalin te amoo ci ndigal.
- Yëgalal njiit yi bepp mbokk bu jege boo am ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.

**LU AM SOLO!** Yoon dafa sàkku ci yaw nga joxe ampareent baaraam ak sa nataal.

## YAN KAYIT NGA WARA WANE?

Joxal njiit yi kayit yi nga am yepp ci wàllu:




- kayit yiy firndeel ki nga doon (kayitu judd, paaspoor, dàntite)



- mbokk mu jege ci biir réew mi wala ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin (kayit yu wér, luy firnde ni yeena ngi jokkoo)




- sa dal yu jiitu ci réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin (bu tegu woon ci ab ndigalu dal, ci ab wiisaa wala ci wut lijaasa ekool wala inewersite).

Joxeel xibaar yooyu ci lu gaaw. Bu ko defee, réew mi bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi wara càmbar sa bindu dinañu ko ràññee ci lu gaaw.

## LAN MOO TAX NGA WARA JOXE SA NATAAL AK SA AMPAREENT BAARAAM?



Njiit yi ci réew mii dinañu jël sa ampareent baaraam ak sa nataal. Xibaar yi, ñu boole leen ak xibaar yi nekk ci sa dàntite ak yeneen xibaar yu am solo dinañu leen yobbu ci ab dencukaay xibaar bu wa Órob bokk ñu koy woowee Eurodac.

Dencukaayu xibaar bii bepp 31 réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin buy toppatoo say mbir ngir jël ci ay xibaar mën na ko jëfandikoo. Boo toxoo ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin te amoo ci ndigal bañu jëlaat sa ampareent baaraam, mbooleem sa xibaar yi nekk ci Eurodac yepp njiit réew moomu dinañu ko gis.



Xibaar yu gëna yaatu ci dencukaay bi di Eurodac ñu ngi ci beneen teere.


## LAN MOOY JEEXITAL YI BOO DEFUL SAY WAREEF?



Boo àndul ak njiit yi ci ligeey bi, loolu dina am ay jeexital yu baaxul ci sa bindu bi.

Boo joxewul sa ampareent baaraam, njiit yi mën nañu jàpp ni bëggatuloo asil ci Órob. Dina ñu dàkkal càmbar bi ci sa bindu bi, luy tekki ni amatuloo sañ-sañu des ci réew mi.

Boo tukkee ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin te amoo ci ndigal wala nga bindu ngir am kaarange bitim réew ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin, mën na am ñu delloo la ci réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi wara càmbar sa bindu.




Bo nekkee ci beneen réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bu wuute ak biñu la waxoon nga teew, mën na am ñu tënk sa dem-ak-dikk te mën na am nga jot ndimbal yu gëna néew.

## LAN LA TÉEYE DI WUNDU?

Téeye mooy tekki ni ñu teg la ci ab berab boo mënula genn nimula neexee. Kilifa yi warnañu am lu leer ngir mën laa téeye. War na leen wóor ni amul leneen luñu mëna def ci say mbir. Njiit yi dinañu càmbar sa tolluwaay laata ñuy jël ab dogal. Sababu téeye yi mën na nekk, ci misaal:



- yu am solo ci sa mbiri mbindu mi (ci misaal sa xibaari ràññeekaay) mënu ñu ko saytu te fekk téeye wuñu la.
- sàmmonte wuloo ak wareefi dal yi ci ab berab, wala dañuy ragal nga dawaat njiit yi duñu la mëna jot
- danga jot ab dogal ci ñu yobbu la ci réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi wala ci réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bu wara saytu sa bindu mi te fekk ñuy ragal nga daw balaa ñu lay yobbu
- kuñuy ragal nga ci wàllu kaarange.

Buñu la téeyee, am nga sañ-sañ ci woote ñàkka nàngu dogal bi ci kanamu yoon te mën nga sàkku taxawu ak teewal ci wàllu toon ci lu amul fey dara.

**LU AM SOLO!** Boo tukkee ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin te amoo ci ndigal, loolu dina nga nekk ci risku ñu tëj la ëlëk.

# NAKA LA NJIIT YI DI JËLEE DOGAL CI TÀNN BAN RÉEW BU BOKK CI RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB WALA RÉEW YI ÀND AK ÑOOM CI AY DOXALIN MOOY CÀMBAR SA BINDU?

Bu fekke bii mooy sa bindu bu njëkk ngir am kaarange bitim réew ci ab réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin, amna sabab yu bari yuy tax yenn ci réew yu bokk ci réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin wara càmbar sa bindu.

## 1) Mbokk



Sabab bu njëkk bi te gëna am solo mooy ab mbokk bu jege buñu may kaarange bitim réew wala bu nekk di bindu ngir am kaarange bitim réew ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin, te ñu war la boole ak ñoom laata ñuy saytu sa bindu ngir am kaarange bitim réew.

Jàpp nañu ni mbokk yu jege ñooy:

- jëkkër wala jabar
- nekkaale boo xam ni seen diggante dafa sax
- doom (bu amagul 18 at te duggagul ci seu).

ⓘ **LU AM SOLO!** War nga firndeel ci lu gaaw ni amna loo bokk ak nit kooku laata ngay dugg ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin. Mën nañu boole ci diir boobu tukki bi nga def joge sa réew.

Boo amee mbokk bu nekk ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin, anam wi gën ci joxe xibaar yooyu mooy nga mottali bind kayitu formileer bi ñuy woowee **"kayit bi ñuy toppee waa-kër"**. Bu fekkee am nga mbokk bu nekk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin te jotaguloo kayit boobu, waxal ak ab ligeeykat wala sa xelalkat ci wàllu yoon. Mën nañu la tamit dimbali ci matal bind kayitu formileer bi.

Mën nga am xibaar yu gëna leer ci ndax mëna nañu dajale ay waa-kër ci xaaj bi ñu duppee **"Ban firnde nga mëna joxe ngir wane ni am nga waa-kër ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin"**?

## 2) Ndigal ci duggu ci beneen réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin

Mën na am ab réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob moo wara saytu sa bindu bu fekkee:




- danga am ab wisaa wala kayit bu lay may nga dëkk ci ab réew ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin
- danga duggu ci ab réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin boo xam ni dañu la joxoon ndigal nga duggu fa te amoo wisaa ndax sa réew dafa xaatim ab dëggoo ak réew moomu.

## 3) Lijaasa wala kayit buy firndeel jàng



- Joxoon nañu la ab kayit buy firndeel jàng wala ab lijaasa ginaaw bi nga jàngee ci benn nit wala ci ab berabu jàngukaay ci ab réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu bokk ak ñoom ay doxalin ci mat at lumu néew-néew.

## 4) Duggu bu dëppoo wul ak yoon ci beneen réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin

Beneen réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob moo wara càmbar sa bindu bu fekkee:



- da nagaa jeggi ci ludul ndigal foronceeru benn réew ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin



- njiiti ab réew bu réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin ñoo la xettaalee ci geej gi ci bi ngay tukki di dem Órob



- danga def ab bindu ngir am kaaraange bitim réew ci benn berabu rombukaay ci ab aydapoor ci benn ci réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.

## 5) Dajalewaat mbokk mu mënalul boppam ak ki koy taxawu

Mënaloo sa bopp dara te amna mbokk mu nekk ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bu lay taxawu wala da nga am mbokk mu nekk ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bu mënalul boppam booy taxawu.



Mbokk mi mënalul boppam xëyna dafa soxla ndimbal ndax:

- dafa ëmb
- dafa yore ab liir bu bees
- dafa ame tawatu xel wala yaraw
- dafa ame laago bu metti
- dafa ame gaañu-gaañu xel bu metti
- màggat.

Bu fekkee ñàkka mënal bopp amna, war nga mëna firndeel ni mën nga toppatoo nit ki mënalul boppam dara wala firndeel ni sa mbokk mi mën nala toppatoo.

## 6) Ay sabab yu jëm ci wàllu fonk aadama

Mën na am ay sabab ci wàllu fonk doomu aadama ñooy tax ab réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin càmbar sa bindu. Loolu mën na sukkandiku ci cëslaay yii di ñëw:

- ay cëslaay ci wàllu mbokk
- ay cëslaayu ci wàllu man-man
- ay cëslaayu ci wàllu àda-ak-cosaan

Mën nañu sàkku ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin mu saytu sa bindu ndax sabab yi nekk ci kaw waaye dogal bu mujju bi mi ngi aju ci njiiti réew moomu.

## MËN NA AM ÑU SEQ AK YAW JOTAAYU LAAJ AK TONTU NGIR MU DIMBALI ÑU CI XAM BAN RÉEW BU BOKK CI RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB WALA RÉEW YI ÀND AK ÑOOM CI AY DOXALIN MOOY CÀMBAR SA BINDU

bu fekkee bii mooy sa bindu bu njëkk ngir am asil, mën na am njiit yi def ak yaw jotaayu laaj ak tontu.

**LU AM SOLO!** Loolu du nekk ab jotaayu laaj ak tontu ci wàllu asil. Luñu jublu ci jotaayu laaj ak tontu bi mooy rààñee ban réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin moo wara càmbar sa bindu.

**Jotaayu laaj ak tontu bi ñeent mbir yu am solo lañu ci jublu:**

- ngir jël mbooleem xibaar yiy dimbali njiit yi ñu jël dogal ci ban réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin moo wara càmbar
- ngir may la nga jebbal bepp laaj boo am ci naka lañuy doxalee ngir rààñee réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin wara càmbar
- ngir may la nga jebbal ay laaj ci bepp xibaar bu nekk ci teere bi
- laajal lu tax ñu toxal la ci beneen réew bu bokk ci réew yu booloo yu órob wala réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin wala lan moo tax ñu war la bàyyi ci dëkk bi.

Laaj ak tontu bi dinañu ko def ci làkk boo xam bu baax, ak ndimbal u ab jàppalekat ci wàllu cosaan/ab tekki.



Duñu jox benn ci xibaar yi nga joxe sa nguuru réew wala ñi njiite sa réew.

Bu amee lenn lu leerul ci diiru jotaayu laaj ak tontu bi, mën nga ko laaj. Am na solo ci yaw ak ci ligeeykat bi ngeen xam lepp luñu wax, loolu moo tax laaj yi saa sune ñu ngi leen di xaar.



Wax yi ci jotaayu laaj ak tontu bi dinañu leen enresistre te dinañu la wan ci mbind ab tënk ci li ñu doon wax.

Ginaaw boo gisee kayit bi ëmb tënku sa waxtaanu laaj ak tontu, bu fekkee jàpp nga ne am na ay xibaar yu jubul te bëgg nga soppi leen, mën nga laaj Questura bi defoon ak yaw waxtaan bi mu soppi leen.

Bu ko mbir mi laajee, mën nga joxe yeneen kayit ginaaw jotaayu laaj ak tontu bi wala nga joxe sabab yi tax waru ñu la yobbu ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi
wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.

Bu fekkee am nga yeneen xibaar wala yeneen kayit yoo joxeegul njiit yi ba leegi, war nga leen jox njiit yi nga defaloon waxtaan bi.

## NDAX DAÑUY AMAL BA LEEGI AB JOTAAYU LAAJ AK TONTU?

Bu fekkee bii mooy sa bindu bu njëkk ngir am asil, mën na am njiit yi duñu amal ak yaw jotaayu laaj ak tontu bu fekkee:

- xam nañu ba noppi réew mi bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin bi wara càmbar sa bindu
- amna ñu ba noppi ay xibaar yu doy ngir jël dogal ci ban réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin moo wara càmbar sa bindu
- danga wuute woon ci lu jiitu ab jotaayu laaj ak tontu te yëgaloo njiit yi li tax mënoo woon teew
- mënoo woon nekk di jokko ak njiit yi.

Bu fekkee woote wuñu ab jotaayu laaj ak tontu, mën nga sàkku ñu def ko ci Questura bu am kàttan. Bu fekkee liggéeykat yi jàpp nañu ni am nañu ba noppi xibaar yu doy ngir toppatoo sa mbir, mën nañu bañ sa sàkkuteef ngir def jotaayu laaj ak tontu bi, waaye war nañu wax lu tax.

## BAN FIRNDE NGA MËNA JOXE NGIR WANE NI AM NGA WAA-KËR CI BENEEN RÉEW BU BOKK CI RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB WALA RÉEW YU ÀND AK ÑOOM CI AY DOXALIN?

Ananm bi gën ci joxe ay xibaar ci sa mbokk mooy nga matal mbind miñu sàkku ci kayitu formileer bi di **"kayitu topp waa-kër".**

Boole ca, joxeel bepp kayitu nguur bu mëna firndeel seen mbokk. Mën nga tamit joxe yeneen xeeti firnde, ci misaal firnde yuy wane ni yaa ngi jokkoo ak sa mbokk mi, lu mel ni nataal, tegtalu imeel wala ay bataaxalu mesaas telefon.



Boo amul lenn lu mëna firndeel seen bokk, mën na am njiit yi sàkku ci yaw nga def test ADN ngir firndeel ni ay mbokk ngeen.

Ci boo fésalee ci bind ni danga bëgg ñu dajale la ak sa mbokk rekk ci ngay mëna am ñu dajale la ak sa mbokk. Da ngavwara jéema joxe kayit bi ci làkku àngale boo ko mënee.

Tàmbaleel joxe xibaar yooyu ci lu gaaw.



Boo amee laaj yu gëna yaatu wala soxla ay xelal ci dajale waa-kër, mën nga sàkku dimbal ci ab xelalkat ci wàllu yoon.

Boo amee mbokk ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin waaye nekkatoo di jokkoo ak ñoom, amna mbootaay yu la mëna dimbali ci nga gis leen.

Mën nga jokkoo ak mbootaay yooyu ci boo jëfandikoo xibaar yii ci suuf:
OIM UMCItaly@iom.int

CRI tracing@cri.it

## BAN DIIR LA TOPPATOO BI DI JËL?



Waxtaan bi ci diggante réew ak réew dafay farak di def **1 weer ak xaaj** ba **3 weer**, waaye **mën na gëna guddu** mi ngi aju ci say mbir.



Bu fekkee beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin saxal nañu ni ñoom ñooy càmbar sa bindu, dinañu la yobbu **ci diiru 6 weer** tàmbalee ko ci taarix biñu nàngoo ni ñoo lay yobbu.





Bu fekkee sàkkuteef bi ndax danga am mbokk ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin, dinañu **toppatoo toxal mu nekk lu manta ñakk**



Bu fekkee ni **dañu la teeye ba noppi wala dañu lay teeye ëlëk**, dinañu **toppatoo say mbir ci lu gaaw**. Sa toxal bi dinañu ko toppatoo ci diiru **5 ayubes.** Bu fekkee defuñu toxal bi ci diiru 5 ayubes, dootuñu la teeye. Waaye nak, sa toxal bi dinañu wëy di ko toppatoo **ci diiru 6 weer** tàmbalee ko ci taarix bi réew mi bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi wara càmbar sa bindu nàngu wee sàkkuteef bi.

Bu fekkee danga nekk ci kaso ndax ab ñaawteef boo def, àpp toxal bi mën nañu ko **yokk ba 1 at gën jaa bari**.




**LU AM SOLO!** Boo dawee, wala nga làqqatu wala baña ànd ak njiit yi tërëlinu toxal bi, **àppu toxal bi mën nañu ko yokk ba 3 at gën jaa bari**.

## LAN MOOY XEW BU FEKKEE BINDUWOON NGA BA NOPPI NGIR AM KAARANGE BITIM RÉEW CI BENEEN RÉEW BU BOKK CI RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB WALA RÉEW YI ÀND AK ÑOOM CI AY DOXALIN?

Ci benn réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi wala réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin rekk lañu la may nga bindu ngir am kaarange bitim réew. Bu fekkee ni danga bindu ngir am kaarange bitim réew ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin, dinañu la delloo ci réew bi bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi wara càmbar sa bindu.

Bu fekkee ni amna xibaar buy wane ni beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin moo wara càmbar sa bindu, dinañu yonnee ab yëgle ci réew moomu. Bu fekkee réew mi bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin saxalee ni dina càmbar sa bindu, dinañu la jox ab **dogalu toxal** buy leeral ci ban réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin lañu lay toxal.

Bu fekkee nekkul sa bindu bu njëkk ngir am kaarange bitim réew, wala jël nañu dogal ba noppi ci ni beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin moo wara càmbar sa bindu, mën na am njiit yi duñu def ak yaw jotaayu laaj ak tontu.

Waaye nak, dinañu la may nga leeral li tax waruñu la toxal ci beneen réew wala lan moo tax ñu war la bàyyi ci dëkk bi.

Noonu la ngay mënee joxe xibaar yooyu: ci mbind walla ci wax, ci njiit yi am sañ-sañ (Questura).

## LAN MOOY XEW BU FEKKEE NI JËL NAÑU DOGAL BI?

boo jotee ab ndigalu toxal ngir ñu yobbu la ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin, dinañu dàkkal yenn ci say sañ-sañ, ci misaal:

- dootu **loo jotati xeeti jàppale aki ndimbal yu bari**
- dootu **loo amati ndigal ci ligeey** wala **ci jàng ay xam-xam.**



Toxal bi dinañu wëy di ko toppatoo ci diiru 6 weer tàmbalee ko ci taarix bi réew mi bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi dëggalee wala nàngu càmbar sa bindu.

Bu fekkee ni dañu la teeye, dinañu toppatoo say mbir ci lu gaaw. Sa toxal bi dinañu ko toppatoo ci diiru 5 ayubes. Bu fekkee defuñu toxal bi ci diiru 5 ayubes, dootuñu la teeye.

Sa toxal bi dinañu wëy di ko toppatoo ci diiru 6 weer tàmbalee ko ci taarix bi réew mi bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi dëggalee wala nàngoo càmbar sa bindu.

Bu fekkee danga nekk ci kaso ndax ab ñaawteef boo def, àpp toxal bi mën nañu ko yokk ba 1 at gën jaa bari.

**LU AM SOLO!** Boo dawee wala nga baña ànd ak njiit yi ci ligeey bi, **àpp toxal bi mën nañu ko yokk ba 3 at gën jaa bari.**

## LAN MOOY XEW BOO ÀNDUL CI DOGALU TOXAL BI?



Buñu jëlee dogal ni beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin moo wara càmbar sa bindu, dinga jot ab **dogalu toxal**. Dogal boobu dina la xamal ci ban réew lañu lay toxal.

Boo nànguwul dogalu toxal bi, mën nga jox këru àttekaay bi sabab yi nga jàpp ni ñoo ko waral. Loolu lañuy woowee jebbel ab ñàkka nàngu ci kanamu yoon. Boo wootee ab ñàkka nàngu ci kanamu yoon ci ab dogal, ab ëttu àtteekaay wala këru àttekaay mooy jël dogal bu mujju bi.

Ñetti sabab rekk ñooy tax ñuy woote ab ñàkka nàngu ci ab dogalu toxal:

- da ngay ñaxtu ni toxal bi ci ab réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob yi dëppoo wul ak say àq ak yelleefu doomu aadama
- amnañu xibaar bu bees bu mëna am ay jeexital ci dogal bi bu ñu amul woon ci jamono biñuy jël dogalu toxal bi
- danga am mbokk ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin buñu la wara booleel sax.



Boo mënulee fayal sa bopp ab xelalkat ci wàllu yoon, dinañu la jox ab xelalkat ci wàllu yoon mu dimbali la ci sa woote ñàkka nàngu bi ci lu amul fay.

Ab firikatu làkk buy làkk loo degg dina la dimbali ci diiru toppatoo bi.

## LAN NGA WARA XAM CI DOXALINU WOOTE ÑÀKKA NÀNGU BI BU FEKKEE ÑU BOOLE TAXAWAL DOGAL BI AK DI KO XOOLAAT BU BAAX

Àpp bi ci naka lañuy jebbalee ab ñàkka nàngu dina ñu ko leeral ci dogalu toxal biñu lay jox.

War nga joxe sabab bi wala sabab yi waral sa ñàkka nàngu sa dogalu toxal bi ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.

War nga itam joxe sabab bi wala sabab yi tax waruñu la toxal ci réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi nga xamp ni moo wara saytu sa bindu ci diir bi sa bindu bi di wëy.

Këru àtteaay bi dina njëkka jël dogal ci ndax da ngay xaar liy tukkee ci woote ñàkka nàngu bi ci biir réew mi ci diiru **1 weer** fekk sa woote bi mu ngi wëy. Loolu lañuy woowee woote buy waral ñu taxawal dogal bi.

Bu fekkee këru àttekaay bi dafa jël dogal ci ni doo mëna xaar ci biir réew mi liy tukkee ci woote ñàkka nàngu bi, dinañu la yobb ci réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi wara càmbar sa bindu fekk sa woote bi mu ngi wey.

Bu fekkee këru àtteekaay bi dafa jël dogal ni dañu la wara bàyyi nga nekk ci biir réew mi fekk sa woote bi mu ngi wey, këru àtteekaay bi dina jeema jël dogal bu mujj ci ndax dañu la wara toxal ci réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi wara càmbar sa bindu ci **diiru weer** tàmbalee ko ci taarixu dogal biy waral ak taxawal.

Bu fekkee ni sa woote bi nàngu wuñu ko, dinañu la toxal ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi wara càmbar sa bindu. Toxal bi war na am ci diiru 6 weer tàmbalee ko ci taarix bi këru àtteekaay bi jëlee dogalam bu mujju bi.

Bu fekkee ni dañu la teeye ba noppi wala dañu lay teeye ëlëk, dinañu toppatoo say mbir ci lu gaaw. Sa toxal bi dinañu ko toppatoo ci diiru 5 ayubes. Bu fekkee defuñu toxal bi ci diiru 5 ayubes, dootuñu la teeye. Waaye nak, sa toxal bi dinañu wey di ko toppatoo ci diiru 6 weer tàmbalee ko ci taarix bi réew mi bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi wara càmbar sa bindu nàngu wee sàkkuteef bi.

**LU AM SOLO!** Da naga wara ànd ak njiit yi ci ligeey bi te nga dem ci réew mi bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi wara càmbar sa bindu.

## SA YAN XIBAARU BOPP LAÑUY JËL?



Bu fekkee ligeeykat bi ci réew mi bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi nga nekk dina jël ay xibaar, yu mel ni yii di ñëw ci suuf:

- Sa xibaari bopp mooy sa xibaari waa-kër yi nga àndal ci tukki bi (tur, askan wi nga bokk, taarix ak berabu juddu). bu fekkee ni jëfandiku woon nga ci lu jiitu ay tur yu wuute aki xibaar, dinañu la ko laaj.
- Ay xibaar yiy ràññee ki nga doon ak say xibaari tukki.
- Bepp xibaar buy mëna firndeel ki nga doon, lu mel ni ampareentu baaraam.
- Ay xibaaru bepp waa-kër bu dëkk ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin, lu mel ni seeniy xibaari bopp, jamono bi nga mujjee jokkoo ak ñoom, seeniy dëkkuwaay ak seeniy tolluwaay ci wàllu yoom.
- Ay xibaar ci bepp kayit boo ame bu la may nga dëkk ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin, bu fekkee ni loolu soxal na la.
- Ay xibaar ci ay kayit yuy wane ni jàngee nga ci ab réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin ci lu ëpp at.
- Ay xibaar ci yan réew nga jaar laata ngay agsi ci réew mi.
- Sa tolluwaayu bopp.
- Tarrixu bepp bindu bu jiitu ngir am kaarange bitim réew ak li tukkee ci bindu yooyu.

## YAN ÑOOY SAY SAÑ-SAÑ CI LU JËM CI SAY XIBAARI BOPP?

Am nga sañ ci jot bepp xibaar boo jox njiit yi ba noppi.

Boo gëmee ni am benn ci sa xibaari bopp yi bu werul wala toppatoo wuñu ko ci lu dëppoo ak yoon, mën nga sàkku jot sa xibaari bopp yi ci boo jokkoo wee ak saytukatu xibaar yi ngir sàkku ñu joyyanti xibaar yu werul yi wala ñu dindi yi nga xam ni toppatoo wuñu ko ci lu dëppoo ak yoon.

Mën nga jokkoo ak saytukatu xibaar yi ci biir réew mi ci boo jëfandikoo xibaar yii ci suuf:

**Ministeeru Biir Réew mi**

Teere bi ngir joxe ay xibaar rek la. Nekkul ngir joxe ay sañ-sañ ak ay wareef. Mbootaayu Réew yu booloo yu Órob ngir dalal daw-làqqu yi (EUAA) moo joxe li ëpp li nekk ci jumtukaay bi, te EUAA mooy joxe digal ci sotti wala soppi jumtukaay bi ci réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob. EUAA amul lenn lumu warlu ci wéraayu xibaar yi nekk ci teere bi te tukkee ci réew yu bokk ci kureelu Réew yu booloo yu Órob, ci luñuy wund, ci seen mataay, ci seen dëppoo ak yoon wala ci seen wóoraay. Moo xam EUAA wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk teere bi.

© European Union Agency for Asylum, 2025